



Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN MITAN PANDEMI COVID-19 KI ANKOU A, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SENK NOUVO ETABLISMAN POU FÈ TÈS COVID-19 NAN KOMINOTE MINORITÈ YO NAN REJYON SID LA

Li anonse efò "New York loves" pou kowòdone tout fondasyon, filantropi, òganizasyon san bi likratif òganizasyon charitab yo ak lòt antite ki vle ede oswa bay nan Eta a

Li mande Nouyòkè yo ki retabli anba viris la pou yo bay san

Gouvènè a pral pibliye Dekrè Egzekitif pou vini ak plis direktè ponp finèb pou ede ak kantite ka lanmò elve yo

Li konfime 10,621 ka kowonaviris anplis nan Eta New York - sa ki fè total la nan tout Eta a rive 159,937; gen nouvo ka nan 55 Konte

Nan mitan pandemi COVID-19 ki ankou a, jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse senk nouvo etablisman pou fè tès nan rejyon sid la, sitou nan kominote minoritè yo. Yo pral ouvri yon etablisman tès mobil sou volan demen nan Sears Parking Lot nan 2307 Beverly Road nan Brooklyn a 12:30 pm, epi yo te ouvri yon etablisman tès mobil sou volan nan Club House nan Aqueduct Race Track Parking Lot, 110-00 Rockaway Blvd, nan Queens lendi 6 avril la. Anplis de sa, eta a ap ouvri twa etablisman san randevou nan sant swen sante nan South Bronx; Jamaica, Queens; ak nan Brownsville, Brooklyn. Etablisman san randevou yo ap ouvri semèn pwochèn epi yo pral sou randevou sèlman.

Eta a deja ouvri nèf etablisman tès jiska dat. Sit la pral priyorize tès pou moun ki fè pati popilasyon ki gen plis risk yo. Rezidan yo ki ta renmen teste nan etablisman sa yo dwe pran yon randevou lè yo rele 888-364-3065.

Gouvènè a te anonse tou efò "New York Loves" pou kowòdone tout fondasyon, filantropi, san bi likratif, òganizasyon charitab ak lòt antite ki vle ede oswa fè don bay eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Sekretè Deta New York la ki se Rosanna Rosado ak Direktè Eta nan òganizasyon san bi likratif yo ki se Fran Barrett pral kowòdone efò sa a ak tout resous ke yo kolekte, epi yo pral travay ak gouvènman lokal yo ki bezwen plis èd.

Gouvènè a ap mande tou pou tout Nouyòkè ki deja retabli anba COVID-19 la pou kontakte eta a ak pou yo bay san. Moun ki retabli anba viris la ka gen plasma

konvalesan nan san yo, ki gen antiko kont viris la e yo ka ede nan devlopman yon tretman pou viris la. Gen plis enfòmasyon konsènan kijan pou bay ki disponib [isit la](#).

Gouvènè Cuomo pral pibliye tou yon Dekrè Egzekitif pou viniak direktè ponp finèb anplis nan New York pou ede avèk kantite ka lanmò elve akòz COVID-19 yo.

"Efò nou yo pou diminye pwopagasyon viris la atravè distans sosyal yo ap travay pi byen pase sa nou te espere paske moun yo konfòme yo avèk yo", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Fè tès rapid ak ogmante kapasite tès nou an pral yon pon nan nouvo ekonomi an ak nan rekòmanse, men nou bezwen tou asire w ke nou ap aprann leson nan sa nou ap andire la kounye a paske nou pa ko fin andire li nèt. Nou pral ogmante tès yo ak ouvri nouvo sit tès pou kolekte plis done nan kominote Afriken-Ameriken ak Latino yo pou nou ka pi byen konprann poukisa viris sa a touye epi gen pi gwo pousantaj moun ki mouri nan kèk kominote, e ki sa nou ka fè pou rezoud li."

Finalman, Gouvènè a te konfime 10,621 ka nouvo kowonaviris anplis, sa ki bay yon total 159,937 ka konfime nan Eta New York. Nan total 159,937 moun tès yo te pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	379	37
Allegany	22	1
Broome	105	17
Cattaraugus	17	2
Cayuga	16	2
Chautauqua	18	1
Chemung	59	4
Chenango	55	2
Clinton	40	1
Columbia	70	7
Cortland	16	0
Delaware	37	0
Dutchess	1493	98
Erie	1362	157
Essex	8	1
Franklin	11	1
Fulton	15	1
Genesee	56	9
Greene	28	3
Hamilton	3	1
Herkimer	32	3
Jefferson	42	2

Lewis	6	0
Livingston	26	1
Madison	91	1
Monroe	698	47
Montgomery	28	10
Nassau	20140	1592
Niagara	146	12
NYC	87028	5225
Oneida	158	33
Onondaga	358	11
Ontario	43	4
Orange	4090	225
Orleans	22	6
Oswego	36	3
Otsego	39	1
Putnam	438	35
Rensselaer	79	4
Rockland	6665	252
Saratoga	172	10
Schenectady	167	18
Schoharie	12	0
Schuyler	4	0
Seneca	15	3
St. Lawrence	76	7
Steuben	89	7
Suffolk	17413	1569
Sullivan	294	15
Tioga	17	5
Tompkins	105	6
Ulster	460	38
Warren	40	7
Washington	25	5
Wayne	39	0
Westchester	17004	1117
Wyoming	29	2
Yates	1	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)